

# Kijan pou jwenn rezilta tès COVID-19

Yon prelevman pou tes nan COVID-19 te jwenn nan sistem swen sante a NCH ak voye nan yon laboratwa deyo pou pwosesis. Nou reyalize sa a se yon tan tre estres epi nou rete komet nan patenarya ak laboratwa a asire pwosesis la pi rapid nan founir our rezilta tes. Nou apresye pasyans ou nan tan sa a estres .

**Konbyen tan l ap pran pou m resevwa rezilta mwen yo?** An mwayèn, l ap pran jiska jou 7 alèkile pou resevwa rezilta nan laboratwa an deyò. Sa nòmal poutèt volim tès y ap jere atravè eta epi peyi a.

**Kijan y ap avèti m sou rezilta mwen yo?** Osito rezilta tès ou fè ya disponib, swa doktè k ap suiv ou a oswa yon enfimyè NCH ap sonnen w nan nimewo telefòn ou te bay la.

**Si m te gen COVID-19 epi m refè, èske m iminize kont li?** Ni CDC ni asosye li yo ap envestige pou detemine si w ka malad ak COVID-19 plis pase yon fwa. Pou kounye la, nou pa sèten si w ka gen enfeksyon an ankò. Jiskaske nou konnen plis, kontinye pran tout mezi pou pwoteje ni oumenm ni lòt moun.

## E si gen jou 7 e yo pa rele m pou ban m rezilta yo?

1. Rele nimewo NCH COVID-19 pou rezilta yo nan nimewo (239) 624-5019 (lendi-vandredi, 8 am - 5 pm)

Kite yon mesaj tanpri sou sistèm mesajri konfidansyèl nou a.

Site epi eple tout non w epi site dat nesans ou, nimewo telefòn ou a epi dat ou te fè tès la

OUBYEN

2. Ekri yon imèl bay ekip jesyon rezilta NCH la nan [Covidresults@nchmd.org](mailto:Covidresults@nchmd.org)

**Kouman pou mwen resevwa yon kopi rezilta tès mwen fè a?** Rezilta tès yo konsidere kòm yon pati nan dosye medikal ou a e kidonk nesite yon otorizasyon pou n voye yo ba ou.

Pou w resevwa yon kopi, ou gen de chwa:

1. Sonnen Depatman enfomasyon medikal nou a nan 239-624-6567 (opsyon 5), oubyen
2. Ranpli yon demann sou entènèt la nan [www.nchmd.org](http://www.nchmd.org) Patients & Visitors, epi Medical Record



**Tanpri, PINGA SONNEN DEPATMAN IJANS lan oubyen KLINIK yo.  
Yo p ap ka ba w reponn pou kesyon ou poze.**